

Aksyon pou fòse moun peye pansyon pitit

Ajans pansyon pitit yo gen fason pou ankouraje paran yo peye dèt pansyon yo.



Lè tribinal la bay yon lòd pou peye pansyon pitit nan Inite Koleksyon Pansyon (Support Collection Unit, SCU), Biwo Sèvis Pansyon Pitit (Office of Child Support Services, OCSS) ap fòse egzekite lòd sa a. Aksyon pou fòse moun peye yo sispann lè lòd la fini epi tout dèt la peye nèt.

- Aksyon **Egzekisyon Administratif** (Administrative Enforcement) pèmèt OCSS kolekte kòb epi pouse paran yo peye dèt pansyon pitit yo genyen. Pa bezwen ale nan tribinal pou sa. Ajans pansyon pitit la gen dwa fè aksyon sa yo dapre lalwa federal ak lalwa leta. Yo voye yon lèt nan kay paran an pou fè yo konnen sa ki pral pase. Lèt la bay enstriksyon tou sou kòman pou yo swiv aksyon an oswa kòman pou yo konteste li.
- Aksyon **Egzekisyon Jidisyè** (Judicial Enforcement) mande pou gen yon odyans nan tribinal.

Aprann kòman pou ou reponn oswa konteste yon aksyon egzekisyon nan ale sou <https://childsupport.ny.gov/order/enforce> oswa sèvi ak kòd QR la →



Aksyon Egzekisyon Administratif

Ajoute Montan

Paran ki peye pansyon pitit nan chèk travay yo ka oblije peye 50% anplis sou sa yo dwe a si yo anreta nan peman yo. Montan yo pran nan chèk la ap tounen nan nivo tribinal la te mande a lè dèt la fin peye nèt.

Pran nan ranbousman taks

Si yon paran dwe resevwa yon ranbousman taks federal oswa leta, yo ka pran tout kòb la oswa yon pati ladan l pou peye dèt pansyon pitit. Sa rive ak yon ranbousman taks New York State la si yo dwe omwen \$50 nan pansyon pitit. Yo pran nan ranbousman taks Federal la si moun nan dwe omwen \$500 (\$150 si timoun nan resevwa èd lajan kach).

Pran nan pri lotri

Paran ki genyen \$50 oswa plis nan lotri New York State ap wè kòb yo genyen an ale nan dosye pansyon pitit yo si yo dwe omwen \$600 nan dèt.

Sezi byen ak kont bankè

OCSS ka sezi kont bankè yon paran ak lòt byen finansye pou peye dèt pansyon pitit. Yo ka pran lajan nan yon kont bankè si paran an gen omwen de mwa reta epi li dwe omwen \$300 nan pansyon li pa te peye. Paran k ap peye pansyon nan chèk travay yo p ap pèdi lajan nan kont bankè yo sof si yo gen plis pase \$3,000 nan kont lan.

Sispann lisans chofè

Yo ka sispann lisans chofè yon paran si li dwe kat mwa oswa plis nan peman pansyon pitit. Yo p ap sispann lisans lan si paran an ap peye pansyon an nan chèk travay li. Yo p ap sispann li tou si yo ap resevwa èd piblik oswa si yo gen yon ti revni ki ba. Yon sispansyon lisans ka leve si paran an peye tout dèt pansyon li dwe a. Li ka leve tou si paran an bay enfòmasyon sou travay li epi li siyen yon akò pou peye. Nan kèk ka espesyal, Depatman Veyikil a Motè (NYS Department of Motor Vehicles) ka leve sispansyon an pou pèmèt paran an ale ak tounen nan travay.

Rapò bay Biwo Kredi

Paran ki dwe omwen \$1,000 oswa ki gen de mwa reta nan pansyon pitit ap wè dosye yo ale nan Ajans Rapò Konsomatè (Consumer Reporting Agencies, CRA). Sa bay yon move nòt nan kredi paran an epi sa ka anpeche li jwenn kredi (pa egzanp: prè kay, prè machin, kat kredi, elatriye).

Referral to the Voye Dosye nan Depatman Taksimèt ak Finans New York State (Department of Taxation and Finance)

Yo bay Depatman Taksimèt ak Finans New York State (NYS Department of Taxation and Finance, DTF) avi lè yon paran gen kat mwa reta oswa plis nan peman pansyon ki rive nan \$500 oswa plis. Sa ka lakòz yo jwenn epi yo sezi byen (pa egzanp: bato, kay, machin) pou peye dèt pansyon pitit. Paran ki resevwa èd piblik oswa ki gen revni ki ba pa sispèk pou yo voye yo nan DTF. Paran k ap peye pansyon nan chèk travay yo nan moman yo chwazi dosye pou DTF yo pa sispèk pou sa non plis. Paran ki kòmanse peye nan chèk travay yo apre yo te fin chwazi yo pou DTF ap toujou rete nan lis DTF la.

Refize bay oswa renouvle paspò

Depatman Deta Ameriken (U.S. State Department) ap refize bay yon moun paspò oswa renouvle li si moun nan dwe omwen \$2,500 nan pansyon pitit. Pou jwenn yon paspò nèf, paran yo dwe fin peye tout dèt pansyon pitit yo. Paran an ka kapab jwenn yon paspò nèf si gen yon ka ijan anpil.

Refize bay oswa Renouvle Lisans Biznis ak Lisans Pwofesyonèl nan New York City

Paran yo ka pa kapab jwenn oswa renouvle yon lisans ajans nan New York City bay. Sa rive lè paran an gen yon dèt pansyon ki gen kat mwa oswa plis. Paran yo dwe peye tout dèt pansyon an oswa fè yon akò pou peye pou yo ka jwenn lisans lan. Yo ka bay yon lèt tou ki di yo bezwen lisans lan pou yo ka jwenn travay.

Pwosesis egzekisyon jidisyè

Petyon pou vyolasyon lòd

Yo sèvi ak yon petyon pou vyolasyon pou mande Tribinal Fanmi an fòse egzekite lòd pansyon pitit la. Yo fè sa lè paran an pa peye jan tribinal la te mande a. Se paran ki gen timoun nan ak li a oswa OCSS ki ka depoze petyon sa a. Rezilta yon petyon konsa ka gen ladan yo:

- **Jijman sou Lajan**
Tribinal la decide konbe lajan paran an dwe peye. Yo mete yon enterè 9% sou montan ki anreta a jiskaske dèt la fin peye nèt.
- **Dwa sou Byen**
Tribinal la ka mete yon dwa sou byen yon paran. Paran an dwe fin peye tout dèt la nèt anvan li ka vann oswa transfere byen sa a.
- **Depo Lajan Kach**
Paran ki pa peye regilyèman ka oblije fè yon depo lajan kach kòm garanti pou peman pansyon yo pral gen pou fè pi devan.
- **Referans nan Sèvis Travay**
Tribinal la ka mande paran an pou li patisipe nan yon pwogram sèvis travay. Sa ap ede paran an jwenn edikasyon, fòmasyon pou travay, ak plasman nan travay.
- **Arestasyon/Prizon**
Tribinal la ka bay yon manda arestasyon si paran an pa parèt nan tribinal pou odyans sou vyolasyon an. Yo ka bay yon manda tou si li gen yon gwo reta nan peman pansyon yo. Si yon paran pa peye pansyon pitit la espere, tribinal la ka kondane li pou li pase jiska sis mwa nan prizon.

Sispann Lisans Leta bay pou Pwofesyonèl, Biznis ak Metye

Tribinal la ka sispann lisans Leta bay si paran an dwe omwen kat mwa pansyon. Kèk nan ajans Leta ki bay lisans sa yo se Biwo Administrasyon Tribinal NYS (NYS Office of Court Administration), Depatman Konsèvasyon Anviwònman NYS (NYS Department of Environmental Conservation), Depatman Edikasyon NYS (NYS Department of Education), Depatman Deta NYS (NYS Department of State), ak Otorite Likè NYS (NYS Liquor Authority).

Voye nan Lajistis pou Krim

Lè yon moun chwazi espere pou li pa peye dèt pansyon pitit li, se yon krim federal. OCSS ka mande Biwo Avoka Etazini (United States Attorney's Office) oswa Biwo Avoka Distri a (District Attorney's Office) pou mennen moun nan devan lajistis lè li gen yon gwo dèt ki anpile. Yo ka fè sa si tout lòt mwayen egzekisyon yo pa mache. Fòk paran an vyole lòd pansyon an espere pou yo fè sa.